

Non Lekòl la / School Name: _____

Nimewo telefòn Lekòl la / School Telephone #: _____

LÈT POU BAY ENFÒMASYON SOU KALIFIKASYON POU MANJE NAN LEKÒL
NOTIFICATION LETTER FOR SCHOOL MEALS

Chè _____ [PARENT NAME]:

Aplikasyon ou te fè pou manje gratis e manje pou piti lajan pou pitit ou (yo) :

- | | |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Apwouve pou manje gratis. | Approved for free meals. |
| <input type="checkbox"/> Apwouve pou manje pou mwenske 0.25\$ pou dejene; <u>ou pa bezwen peye pou tidejene.</u> | Approved for reduced price meals at \$0.25 cents for lunch; <u>no money is required for breakfast.</u> |
| <input type="checkbox"/> Apwouve pou manje gratis pou yon bout tan. N ap kontakte w nan 45 jou ouvrab (___/___/____) pou detèmine sityasyon w pou kounye a. | Temporarily approved for free meals. You will be contacted in 45 calendar days (___/___/____) to determine your status at that time. |
| <input type="checkbox"/> Nou pa ka apwouve pou rezon sila a (yo) : | Denied for the following reason(s): |
| <input type="checkbox"/> Poutèt revni ou depase kantite lajan nou mande pou moun genyen pou nou sa bay yo manje gratis oswa manje pou pi piti lajan. W ap gen pou peye 1.50\$ pou dejene; <u>ou pa bezwen peye pou tidejene.</u> | Income is over the allowable amount for free or reduced-priced meals. \$1.50 is required for lunch; <u>no money is required for breakfast.</u> |
| <input type="checkbox"/> Poutèt ou soumèt yon aplikasyon ki pa konplè. Ou pa bay enfòmasyon nou site anba yo, e n ap mande w pou w peye 1.50\$ pa jou pou dejene nou pral bay pitit ou (yo); <u>ou pa bezwen peye pou tidejene :</u> | Incomplete application submitted. The following information is missing and you will be billed \$1.50 per for day for lunch your child(ren) receives; <u>no money is required for breakfast:</u> |
| <input type="checkbox"/> Nimewo sekirite sosyal oswa mo "NONE" | Social Security Number or the word "NONE" |
| <input type="checkbox"/> Siyati granmoun | Adult Signature |
| <input type="checkbox"/> Pa gen revni ki rantr nan kay la | No Income |
| <input type="checkbox"/> Lòt / Other : _____ | |

Si w pa dakò avèk desizyon nou pran an, ou dwe **kontakte Responsab lekòl la (gade siyati l piba a)** pou diskite sou sa, epi ou gen dwa mande yon odizyon san patipri. Pou w mande rekonsidere desizyon lekòl la, ou ka mande yon odizyon. Pou fè sa, ou dwe telefone oswa ekri Fonksyonè DOE sila a :

Non : **Office of SchoolFood – Internal Audit**
Adrès : **44-36 Vernon Blvd., Long Island City, NY 11101**
Telefòn : **(718) 707-4471**

Ou kapab aplike yon lòt fwa pou benefis yo nenpòt kilè pandan ane akademik la. Si w pa kalifye kounye a, men kantite lajan ki rantr nan kay ou vin diminye, ou pèdi travay ou oswa kantite moun k ap viv lakay ou vin ogmante, lè sa a w ap ka ranpli yon lòt fòmilè aplikasyon.

Ak senserite,

Non Responsab lekòl la / Name of School Official

Tit / Title

Dat / Date

Deklarasyon onivo diferans yo fè dapre kondisyon yon moun : Nan paragaf sa a, nou eksplike sa pou w fè si w kwè yo pa trete w kòm sadwa. Dapre lalwa federal ak règleman Depatman Agrikilti *Department of Agriculture* (DOA) peyi Etazini, enstitisyon sa a entèdi moun fè okenn diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, relijyon, oswa andikap. Pou pote plent poutèt yo diskrimine w, ou dwe ekri *USDA, Director, Office of Civil Rights, Room 326-W, Whitten Building, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410* oswa telefone nan nimewo (202)-720-5964 (vwa e TDD). USDA se yon founisè e yon anplwayè ki bay tout moun opòtinite egalego..

Non Lekòl la / School Name: _____

Nimewo telefòn Lekòl la / School Telephone #: _____

APLIKASYON YO APWOUVE POU YON BOUT TAN
TEMPORARILY APPROVED APPLICATION

Dat / Date : _____

Chè _____ [PARENT NAME]:

Nou apwouve pou yon bout tan pou manje gratis, aplikasyon ou te ranpli pou manje gratis e pou manje pou pi piti lajan pou pitit ou (yo). Dapre règleman pwogram lan, **nou ka apwouve sèlman pou yon maksimòm 45 jou** aplikasyon ki **pa gen** enfòmasyon sou revni.

Aprè 45 jou, fanmi yo dwe bay nouvo enfòmasyon sou sitiyasyon revni yo pou pitit yo kapab kontinye gen avantaj resevwa manje gratis. Ou ka swa telefone Biwo nou a nan nimewo (_____) _____ [OFFICE PHONE] pou bay dènye enfòmasyon ou genyen sou revni w oswa ou ka ranpli nouvo fòmilè aplikasyon nou mete avèk lèt sa a.

Si nou pa resevwa dènye enfòmasyon yo anvan _____ [DEADLINE], pitit ou a (yo) p ap kalifye ankò pou manje gratis, epi ou pral oblije voye pitit ou a (yo) lekòl avèk lajan pou dejene oswa pou tidejene oubyen pou toude.

N ap remèsye poutèt ou pran touswit ankonsiderasyon koze sa a.

Ak senserite,

Responsab lekòl la / School Official